

**ANALISIS SEMIOTIK CAKEPAN TEMBANG DOLANAN WONTEN ING DVD  
KUMPULAN LAGU ANAK NUSANTARA**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dipunjengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping Sarat  
*Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan*




dening:  
**Miftakhul Rhohmah**  
NIM 14205241015

Yogyakarta, ~~28~~ Juni 2018  
Pembimbing,

  
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.  
NIP. 19621008 198803 2 001

Yogyakarta, 3 Juli 2018  
Ketua Jurusan,

  
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## **ANALISIS SEMIOTIK CAKEPAN TEMBANG DOLANAN WONTEN ING DVD KUMPULAN LAGU ANAK NUSANTARA**

### **SEMIOTIC ANALYSIS OF THE LYRICS DOLANAN SONGS IN COLLECTIONS DVD OF CHILDREN SONGS**

Dening: Miftakhul Rhohmah, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. [miftakhulrhohmah@yahoo.com](mailto:miftakhulrhohmah@yahoo.com).

#### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *analisis semiotik* cakepan tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. Metode panaliten menika ngginakaken metode panaliten *deskriptif*. Panaliten menika ngandharaken *unsur semiotik* saha *fungsi unsur semiotik* cakepan tembang dolanan ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. Data awujud pamaosing *teks* kanthi cara *heuristik*, *hermenutik*, *unsur saha fungsi semiotik*. Metode analisis semiotik, teknik nyemak saha nyatet kangge ngempalaken data. Data dipun-*alasis* ngginakaken teknik analisis semiotik Charles Sanders Pierce lajeng dipunandharaken kanthi *deskriptif*. Kangge ngabsahaken data, dipunginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. Asiling panaliten menika ngandharaken pamaosing *teks* kanthi cara *heuristik* saha *hermeneutik*, *unsur semiotik* saha *fungsi unsur semiotik*. Wujudipun saking pamaosing *teks* awujud *heuristik* saha *hermeneutik*. *Unsur semiotik* dipunperang dados tiga, inggih menika *ikon*, *indeks*, saha *simbol*. *Fungsi unsur semiotik* tembang dolanan ing panaliten menika dipunginakaken kangge nedahaken panandha saha petandha ingkang sami, sabab kadadosan, saha gayutan ingkang asipat *arbitrer* utawi boten alami.

Pamijining tembung: *analisis semiotik*, pamaosan *heuristik* saha *hermeneutik*, tembang dolanan

#### **Abstract**

*This research has a purpose to describe semiotic analysis of the dolanan songs' lyrics in the collection of Nusantara songs children DVD. This research method using descriptive research method. This research describes the element of semiotic and the function of the element of semiotic of the dolanan songs' lyrics in the collection of Nusantara songs children DVD. Data in the form of heuristic reading, hermeneutics, elements and functions of semiotic elements. Semiotic analysis method, listening and writing techniques to collect data. The data were analyzed using Charles Sanders Pierce analysis method then described descriptively. To validate data using validity and reliability. The results of this study describes readings in heuristic, hermeneutic, elements and functions of the element of semiotic. Semiotic element is divided into three, namely icon, index, and symbol. The function of the semiotic element of the dolanan songs' lyrics in this study is used to show the same markers and markers, causes and relationships that are arbitrary.*

*Keywords: semiotic analysis, heuristic and hermeneutic reading, dolanan songs' lyrics*

#### **PURWAKA**

*Karya sastra* inggih menika karya ingkang sipatipun *fiktif* (Reyanto, 11:2005). Tembang dolanan minangka *karya sastra lisan* amargi dipuntembangaken. Tembang dolanan samenika sampun kathah tiyang ingkang boten mangertos,

mliginipun lare-lare. Menawi dipunudhar, tembang dolanan menika ngewrat piwulang ingkang., tuladhanipun wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*.. Wonten ing *DVD* menika wonten tembang dolanan. *Kajian* babagan *sastra* mliginipun tembang dolanan ugi taksih sekedhik

ingkang ngrembag. *Kajian* babagan sastra saged dipuntliti *unsur semiotik*-ipun.

Pamanggihipun Pradopo (2003: 119) *semiotik* inggih menika ngelmi ngengingi tandha ingkang medhar babagan *sistem-sistem*, paugeran-paugeran, saha *konvensi-konvensi* ingkang saged damel tandha-tandha kasebut nggadhahi teges utawi pangertosan. Pamanggih sanes saking *semiotik* inggih menika *cabang* ngelmi ingkang gayut kaliyan *pegkajian* tandha saha sadaya ingkang gayut kaliyan tandha, kados ta *sistem* tandha saha *proses* ingkang wonten kangge *pengguna* tandha utawi ingkang ngginakaken tandha, Pierce (lumantar Sudjiman & Zoest 1991: 1). *Semiotik* inggih menika ngelmi ingkang nyinau bab tandha (*sign*), *fungsi*-nipun tandha, saha *produksi* makna (Suwardi, 2013 :37). Tinarbuka (2009: 12) ngandharaken bilih *semiotik* inggih menika ngelmi ingkang nyinau tandha (*sign*), *fungsi*-nipun tandha, saha *produksi* makna.

Tembang *analisis* menika saking basa Yunani inggih menika *analyein* ingkang nggadhahi teges *menyelesaikan, menguraikan*, Derrida (Lumantar Siswanto, 2010: 10). Saged dipundudut tegesipun *analisis semiotik* inggih menika ngelmi ingkang mahyakaken, mbabar, *menguraikan*, saha nyinau babagan tandha. Pierce miturut *objek* panalitenipun kaperang dados tiga, inggih menika *icon* (ikon), *index* (*indeks*), saha *symbol* (*simbol*). *Ikon* inggih menika tandha ingkang wonten gayutanipun antawisipun penandha saha petandhanipun ingkang gadhah sipat sami wujud alamiahipun. *Ikon* nggadhahi sipat *acuan* ingkang memper (*mirip*) antawisipun tandha kaliyan *objek*ipun.

Tuladhanipun *ikon* inggih menika tedhak citra (foto). Wondene *indeks* inggih menika tandha ingkang nedahaken wontenipun gayutan alamiah antawisipun tandha saha petandha ingkang gadhah sipat *kausal* utawi *hubungan sebab akibat*, utawi tandha ingkang gadhah *acuan* kasuyatan. Tuladhanipun *indeks* inggih menika kukus. Manawi wonten kukus menika dados tandha wonten geni.

*Simbol* kalebet tandha ingkang dhasaraipun *konvensi* utawi prajanjen ingkang dipunsarujuki. *Simbol* utawi pralambang inggih menika lambang-lambang ingkang saged njlentrekaken makna *simbolis* ingkang nyata saha *cermat*. *Simbol* saged dipunmangertosi bilih tiyang menika sampun saged mangertos dhateng teges utawi makna saking *objek* ingkang sampun dipunsarujuki saderingipun. Tuladhanipun *simbol* inggih menika, simbok minangka basa Indonesia dipunpocapaken “ibu” manawi wonten ing basa Inggris dipunsebut “mother” ingkang gadhah makna sami, inggih menika tiyang sepuh estri.

Pierce lumantar Danesi (2004: 33) ngandhareken bilih *ikon* inggih menika tandha ingkang dados sesuluh *sumber acuan melalui bentuk replikasi, simulasi, imitasi*, utawi *persamaan*. *Indeks* inggih menika tandha ingkang nedahaken utawi kangge nedahaken gayutan sabab kadadosan antawisipun *penanda* saha *petanda*-nipun. *Simbol* inggih menika tandha ingkang nedahaken bilih boten wonten gayutan *alamiah* antawisipun *penanda* saha *petanda*-nipun

Tembang dolanan inggih menika tembang ingkang dipuntembangaken kanthi dolanan, utawi tembang ingkang dipuntembangaken wontening salebeting dolanan tartamtu. Rumiyyin nalika bulan

*Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.*

purnama lare-lare dolanan wonten ing plataran mumpangataken padhang bulan. Dolanan menika biasanipun dipuntembangaken kaliyan *gerakan-gerakan* ing dolanan menika.

Tigang *unsur semiotik* wonten ing cakepan tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. Cakepanipun ngginakaken basa Jawi. Wonten ing cakepan menika ngewart *unsur semiotik*. *Kajian* menika ngrembag cara maos kanthi cara *heuristik*, saha *hermeneutik*, *unsur semiotik* saha *fungsi unsur semiotik* ingkang awujud *ikon, indeks, simbol*.

Adhedasar underaning prakawis, saged dipunwatesi prakawis ingkang wigatos, inggih menika.

1. Pamaosing *teks* cakepan tembang dolanan ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*.
2. *Unsur semiotik* ingkang awujud *ikon, indeks, saha simbol* wonten ing salebeting cakepan tembang dolanan ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*.
3. *Fungsi unsur-unsur semiotik* salebeting cakepan tembang dolanan ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*.

## **CARA PANALITEN**

Panaliten menika ngginakaken jinis panaliten *deskriptif kualitatif*. Wonten ing panaliten menika, panaliti nggambaraken kadospundi cakepan ingkang dipunginakaken ing Tembang Dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. *Metode* panaliten *deskriptif* dipunginakaken amargi panaliti ngandharaken babagan tembung-tembung utawi bab *semiotik* ingkang gayut kaliyan *ikon, indeks* saha *simbol* salebeting *DVD Kumpulan Lagu*

*Analisis Semiotik Cakepan ... (Miftakhul Rhoamah) 4*

*Anak Nusantara*. *Ikon, indeks* saha *simbol* menika kalebet basa ingkang dipunbedhah saking satunggaling *sistem* pralambang ingkang saged dipunmangertosi kanthi cara *lisan* utawi *tulis*, pramila panaliten menika naliti kanthi *semiotik*.

## **Sumbering Data**

*Sumber data* panaliten inggih menika cakepan tembang dolanan ing salebeting *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. *Data* wonten ing panaliten menika kapanggihaken wonten ing cakepan saking tembang-tembang wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* ingkang gadhah *unsur ikon, indeks* saha *simbol* saha ngginakaken basa Jawi.

## **Caranipun Ngempalaken Data**

1. *Teknik* nyemak: panaliti ningali, mirengaken tuturan saha nyemak *teks* cakepan saking *video* ingkang sampun dipunkempalaken.
2. *Teknik* nyerat: cakepan tembang lajeng dipunserat utawi *dipuntranskripsi*.
3. Sasampunipun dipunserat lajeng dipundamel *suntingan teks* kangge ngleresaken tetembungan miturut basa ingkang baken utawi Baoesastra Djawa.
4. Salajengipun dipundamel aparat kritik.
5. Sasampunipun, cakepan dipuntegesi kanthi cara *heuristik* saha *hermeneutik*.
6. Kangge manggihaken *struktur* ingkang nggadhahi *unsur ikon, indeks, saha simbol, sadaya data* dipun-*analisis* saha dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang sampun dipundadosaken landhesan.

### **Pirantining Panaliten**

Adhedhasar *teknik* ngempalaken *data*, piranti ngempalaken *data* inggih menika ngginakaken *tabel*. *Tabel analisis* dipunginakaken kangge nganalisis *data* ingkang sampun dipunpanggihaken saha dipunlebetaken ing *kartu data*. Kretu *data* dipunginakaken kangge nggampilaken anggenipun damel *analisis*. Piranti sanesipun inggih menika panaliti piyambak utawi *human instrument*.

Panaliti nganalisis *unsur ikon, indeks, saha simbol* ingkang dipunkempalaken. Caranipun inggih menika panaliti mangertosi *konteks strukturipun*, lajeng dipungayutaken kaliyan wujud *struktur* ing tembang-tembang *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* ingkang gadhah *unsur ikon, indeks* saha *simbol* ingkang dipunandharaken. Panaliti saged mendhet dudutan punapa kemawon *unsur ikon, indeks* saha *simbol*.

### **Caranipun Nganalisis Data**

Cara anggenipun *analisis data* ing panaliten menika ngginakaken *metode analisis semiotik* Charles Sanders Peirce. *Pendekatan* menika dipunpilih amargi Peirce ngandharaken babagan wontenipun *ikon, indeks* saha *simbol* minangka sarana kangge maknani tandha. *Analisis semiotik* dipunwiwiti menawi milah cakepan ingkang gadhah surasa *ikon, indeks, saha simbol*. Sasampunipun dipuntindakaken *proses ikonisasi, indeksialitas, saha simbolisasi*. Sasampunipun dipuntindakaken pamaosan kanthi cara *heuristik* saha *hermeneutik*.

### **Caranipun Ngesahaken Data**

Cara ingkang dipunginakaken kangge ngukur *validitas data* wonten ing panaliten menika wonten kalih, inggih menika, *validitas semantis* saha

*validitas expert-judgement*. Miturut Endraswara (2011:164), *validitas semantik* inggih menika ngabsahaken *data-data* dipunjumbuhaken kaliyan *konteks-ipun*. *Data* ingkang dipunkajengaken inggih menika *data-data* ingkang wonten gayutanipun kaliyan cakepan tembang dolanan ingkang sampun dipunpilih. Salajengipun, *validitas expert-judgement* utawi *pertimbangan ahli* inggih menika kanthi *konsultasi* dhumateng *dosen* ingkang gayut kaliyan *bidang kajian* menika (*sastra*).

Prelunipun supados *dosen* menika saged mbiyantu panaliti ngudhari prakawis-prakawis ingkang dados pepalang wonten ing salebeting panaliten, saha tansah saged paring panyaruwe saha pamrayogi tumrap panaliten menika supados asilipun panaliten samangke saged langkung sae. *Reliabilitas* wonten ing panaliten menika ngginakaken *uji reliabilitas stabilitas*. Muhadjir (1996: 36) ngandharaken bilih *reliabilitas stabilitas* dipuntindakaken kanthi ngambali tembang-tembang wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* kanthi makaping-kaping, mliginipun perangan ingkang dados *data* panaliten. Ancasipun inggih menika supados *data* ingkang dipunasilaken menika *valid*. Kejawi mekaten wonten perangan tartamtu ngginakaken cara *interarer* utawi kanthi *diskusi* saha *konsultasi*.

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### ***Suntingan Teks saha Aparat Kritik***

Tembang dolanan wonten ing salebeting *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* dipun-transkripsiyin rumiyin supados langkung gampil dipun-*analisis*. *Transkripsi* lajeng dipunpanggihaken tembung-

tembung kanthi cara panyeratan ingkang lepat. Panyeratan tembung-tembung ingkang lepat kalawau kedah dipun-*sunting* dipunleresaken adhedhasar Baoesastra Jawa. Kathah-kathahipun ingkang dipunsunting seratanipun ‘a’ dipunserat ‘o’, tuladhanipun wonten ing tembung kula, putra, rama, kersa, asmara saha ana, ingkang dipunserat kulo, putro, romo, kerso, asmoro saha ono. Tuladha ingkang sanes ingkang lepat inggih menika kedahipun dipunserat ‘dha’ ananging dipunserat ‘da’, tuladhanipun wonten ing tembung kendhaline saha dhewe dipunserat kendaline saha dewe.

Tuladhanipun saged dipuntingali saking *aparatur kritik ing tabel* menika.

N o.	Saderengipun dipun- <i>sunting</i>	<i>Suntingan</i>	Sasampunipun dipun- <i>sunting</i>	Katrangan
1.	kulo	<kula>	Kula	AAL, pada 2, 6
2.	dewe	<dhewe>	Dhewe	J, pada 3
3.	Romo	<rama>	Rama	AAL, pada 4
4.	Putro	<putra>	Putra	AAL, pada 4, 6
5.	Kerso	<kersa>	Kersa	AAL, pada 4
6.	Asmoro	<asmara>	Asmara	AAL, pada 4
7.	Rahina	<raina>>	Raina	BBWS, pada 1
8.	Lungo	<lunga>	Lunga	GGP, pada 3,7
9.	Ndoro	<ndara>	Ndara	J, pada 1
10.	Poro	<para>	Para	J, pada 1,4
11.	Kendaline	<kendhaline>	Kendhaline	J, pada 3

### Cara Maos

Perangan menika ngewrat asiling panaliten inggih menika pamaosing *teks* kanthi cara *heuristik* saha *hermeneutik*, wonten ing tembang dolanan salebeting *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. Cara maos adhedhasar *struktur* basanipun dipunwastani cara maos *heuristik*. Cara maos *karya sastra* adhedhasar *konvensi sastra-nipun* utawi adhedhasar *sistem semiotik tingkat kalih* dipunwastani cara maos *hermeneutik*. Cara maos *heuristik* gadhah ancas kangge ndamel teges basa minangka *sistem semiotik tingkat sapisan langkung mligi* utawi dipunmligikaken.

Nalika ndamel teges *sastra* utawi makna menika dereng cetha menawi namung sapisan anggenipun maos, dados kedah dipunambali saking wiwitan dumugi pungkasan. Kangge ngambali cara maos *sastra* ingkang dereng cetha tegesipun dipunginakaken cara maos *hermeneutik*. Cara maos *hermeneutik* mahyakaken saha njlentrehaken teges, makna, utawi gagasan ingkang wonten ing *karya sastra* supados langkung gamblang.

Cara maos *hermeneutik* mahyakaken kanthi cetha babagan menapa ingkang dipunkajengaken panganggit kanthi ningali pamilihing basa, panganggenipun basa *kiasan* saha wosing *karya sastra*. Pamanggihing makna kanthi kalih cara maos kalawau, inggih menika cara maos *heuristik* saha cara maos *hermeneutik* lajeng dipunlebetaken ing *tabel analisis*. Sasampunipun *data* asiling panaliten dipunkempalaken lajeng dipunlebetaken wonten ing salebeting *pirembagan*, saha katrangan saking *data* menika.

Tuladhanipun saged dipuntingali saking tabel menika.

No.	Cakepan Tembang	Heuristik	Hermeneutik
1.	Dhuh ibu kula boten purun, dhuh ibu, kula boten medhun. Nadyan ayu sisane si yuyu kangkang  (Andhe-Andhe Lumut)	Nyariosaken putra ingkang boten kersa amargi tiyang estri menika sisanipun si yuyu kangkang	Yuyu kangkang tegesipun sanes kewan yuyu, ananging tiyang jaler ingkang nakal.
2.	Bang-bang wis raina. Cit-cit cuit-cuit rame swara ceh-ocean. Krengket great-geret, nimba aneng sumur adus gebyar-gebyur  (Bang-Bang Wis Raina)	Nyariosaken wayah enjing ingkang rame swanten peksi ngoceh saha tiyang ingkang nimba.	Tembang menika paring piwulang manawi manungsa menika kedah nggadhahi raos sengkut sampun ngantos kalah kaliyan kewan ingkang enjing-sampun pados pangan.
3.	Bocah nakal Pelem disawati, mbalang luput ngenani gundhul  (Bocah Nakal)	Cakepan menika nyarisaken bocah nakal ingkang nalika mbalang pelem lepat lajeng ngenani mustakanipun.	Tembang menika paring piwulang bilih menapa kemawon ingkang sae saha boten sae menika bakal wangsul malih kaliyan dhiri piyambak. Manungsa menika kedah tansah <i>memperbaiki diri</i>
4.	Cublak-cublak	Cublak inggih	Cublak saged dipuntegesi

	suweng, suwengeting keleter	menika cupu alit wadhah wewangi	rejeki kados ta pedamelan ingkang sejatosipun menawi tiyang menika sregep, padamelan menika kathah.
5.	Gumregah-gumregah ndang tangi Lah aja pijer ndheg tumoleh cekat-ceket ditandangi Ndang-ndang rampung migunani  (Gumregah)	Tiyang menika wungu saking sarenipun lajeng padamelan menika enggal-enggal dipuntandhingi.	Tembang gumregah menika boten namung wungu saking sare, ananging ugi wungu saking <i>keterpurukan</i> , raos kesed.
6.	Gundhul-gundhul pacul cul  (Gundhul Pacul)	Gundhul inggih menika mustaka	Gundhul inggih menika mustaka saged dipuntegesi kehormatan utawi pangarsa amargi wonten ing inggil
7.	Jaranan, jaranan, jarane jaran teji. Sing nungghandara bei, sing ngiring para abdi  (Jaranan)	Jaran teji inggih menika jinisipun jaran ingkang ageng	Cakepan menika paring tuladha supados manungsa kedah gadhah raos sengkut, menawi tiyang ingkang sugih kados ta bendhara menika gesangipun langkung kepenak, titihanipun penak, dipunajeni kathah masarakat.
8.	Tak pethik-pethik	Tembang menika wosipun	Tembang menika paring piwulang supados

	kembang melathi. tak sebar-sebar ngarepe puri.  (Kembang Melathi)	methik kembang melathi lajeng dipunsebar sangajengi pun puri	manungsa menika tansah <i>mendekatkan diri</i> dhumateng gusti.
9.	Penekna blimbing kuwi, lunyu-lunyu penekna  (Lir-Ilir)	Cakepan menika nyariosaken tiyang ingkang nyuwun tulung dipunpenekaken blimbing. Blimbing inggih menika woh ingkang werninipun ijem saha jening ingkang nggadhahi gangsal <i>sisi</i> kados lintang.	Tembung blimbing wonten ing cakepan menika saged dipuntegesi salat gangsal wekdal.
10.	Dodotira dodotira Kunitir bedhahing pinggir Dodomana jlumatana Kanggo seba mengko sore  Mumpung padhang rembulane Mumpung jembar kalangane  (Lir-Ilir)	Cakepan menika nyariosaken dodot utawi kemban ingkang suwek ing pinggir, lajeng dipundondomi kangge seba mangkih sonten mumpung rembulanipun padhang.	Saking cakepan menika tembung dodot saged dipuntegesi pagesangan manungsa. Menawi gesang manungsa menika risak kados ta dodot ingkang kunitir bedhahing pinggir menika kedah enggal-enggal dipundandani. Menika menawi sawekdal-wekdal dipunpundhut ingkang kuwaos

			menika sampun <i>membenahi diri</i> . Mumpung taksih wonten wekdalipun.
12.	Menthog-menthog tak kandhani mung lakumu angisisngisini. Lha mbok aja ngetok anan kandhang wae penak-penak ngorok ora nyambut gawe  (Menthog-Menthog)	Menthog inggih menika kewan kados ta bebek	Menthog saged dipuntegesi manungsa. Manungsa ingkang kesed boten kersa nyambut damel namung sare kemawon.
13.	Padhang bulan, bulane kaya rina. Rembulane wis ngawe-awe, ngelingake aja padhatu sore  (Padhang Bulan)	Tembang menika nyariosaken bilih bulan menika padhang kados ta siang, sampun ngantos sami sare rumiyin	Tembang menika paring piwulang bilih ita kedah tansah sokur dhumateng gusti. Endahing bulan nalika dalu menika salah satunggaling <i>nikmat</i> ingkang sampun dipunparingi gusti. Manungsa kedah nindakaken menapa ingkang dipundhawuhaken gusti.



### **Unsur Semiotik saha fungsi-nipun**

#### **1) Ikon Salebeting Cakepan Tembang Dolanan wonten ing DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara**

Wonten ing cakepan tembang dolanan menika kapanggihaken *unsur semiotik* ingkang awujud *ikon*. *Ikon* saged dipuntingali menawi antawisipun tandha kaliyan pratandhanipun wonten gayutanipun ingkang *alamiah* saha titikan ingkang kirang langkung sami. *Fungsi ikon* inggih menika kangge nedahaken gayutan ingkang sami antawisipun tanda kaliyan pratandhanipun inggih menika swanten ingkang nggadhahi *kemiripan*.

Kapanggihaken *ikon* wonten ing cakepan tembang dolanan *Bang-Bang Wis Raina*, inggih menika cit-cit cuit cuit, krengket gerat-geret, gebyar-gebyur. Tuladha ingkang sane sing tembang *jaranan*, inggih menika gedebug krencing. Cakepan-cakepan menika nggadhahi *kemiripan* kaliyan swanten *asli-nipun*. Cit-cit cuit-cuit menika nggadhahi *ikon* swanten kewan peksi ingkang ngoceh. Krengket great-geret menika *ikon* saking swanten timba toya. Gebyar-gebyur minangka *ikon* utawi swanten ingkang *mirip* utawi kangge nedahaken swanten tiyang ingkang siram. Pungkasanipun gedebug krencing menika kangge nedahaken swanten jaran ingkang negar-negar ingkang sukunipun dipunpasang klinthing.

#### **2) Indeks Salebeting Cakepan Tembang Dolanan wonten ing DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara**

Kapanggihaken *unsur semiotik* ingkang awujud *indeks*. *Indeks* saged dipuntingali bilih antawisipun tandha kaliyan pratandhanipun wonten

gayutanipun (sabab kadadosan), menika ugi dados *fungsi indeks*. Tuladha *indeks* dipunpanggihaken wonten ing cakepan tembang Bang-Bang Wis Raina, inggih menika seregipun kepati binger bagas kuwarasan menika *indeks* saking siram nalika enjing. Tuladha sanes ing tembang Gundhul-Gundhul Pacul, inggih menika cakepan wakulipun ngglimpang *indeks* saking bocah ingkang gembelengan nalika nyunggi wakul ing tengah margi. Cakepan dondomana, jlumatana ugi salah satunggaling *unsur semiotik* awujud *indeks* saking kumitir bedhah ing pinggir

Tuladha-tuladha sanes inggih menika, wonten ing tembang dolanan Menthog-Menthog kanthi cakepan damel guyu *indeks* saking lakunipun menthog ingkang megal-megol. Cakepan sorak-sorak ing tembang dolanan Padhang Bulan *indeks* saking rembulanipun padhang, lintangipun kathah.

#### **3) Simbol Salebeting Cakepan Tembang Dolanan wonten ing DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara**

Wonten ing cakepan tembang dolanan menika kapanggihaken *unsur semiotik* ingkang awujud *simbol*. *Simbol* saged dipuntingali bilih nedahaken makna saking *referen* tartamtu ing masarakat utawi *karya sastra*. *Simbol* ugi saged minangka *kiasan*. Kapanggihaken *unsur semiotik* awujud *simbol* wonten ing tembang dolanan kanthi irah-irahan Andhe-Andhe Lumut, Bocah Nakal, Gumregah, Gundhul-Gundhul Pacul, Jaranan, Kembang Melathi, Lir-Iilir, Menthog-Menthog, saha Padhang Bulan.

Cakepan tembang dolanan kang unggah-unggahi minangka *simbol* saking tiyang ingkang

badhe mundhut garwa, ibu minangka *simbol* saking tiyang sepuh estri, boten medhun *simbol* saking boten kersa dipunpundhut garwa, yuyu kangkang *simbol* saking tiyang jaler ingkang nakal, rama minangka *simbol* saking tiyang sepuh kakung, nandang asmara minangka *simbol* saking nyimpen raos tresna utawi nembe nggadahi katresnan dhateng tiyang, inggih purun *simbol* saking kersa dipunpundhut garwa, gumregah *simbol* saking njenggirat wungu.

Tuladha *simbol* ingkang sanes inggih menika tembung ndhuk utawi gendhuk menika *simbol* saking tiyang ingkang dipuntresnani, jaranan minangka *simbol* saking dolanan *tradisional* Jawi, sesaji utawi sajen *simbol* saking sekar, dhaharan, lsp ingkang dipunsajekaken dhateng lembut, blimbing *simbol* saking salat gangsal wekdal, dodot *simbol* saking pagesangan manungsa, menthog minangka *simbol* saking manungsa ingkang kesed memeng nyambut damel, rembulane wis ngawe-awe minangka *simbol* saking rembulan ingkang endah sunaripun padhang kados ta ngawe-awe, saha sumebar lintang minangka *simbol* saking lintang ingkang kathah sanget kados ta sumebar.

## **PANUTUP**

### **1. Dudutan**

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan *Analisis Semiotik Cakepan Tembang Dolanan Wonten Ing DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* saged dipunpendhet dudutan ing ngandhap menika.

1. *Unsur semiotik* salebeting tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* kaperang dados tiga, inggih menika.

a. *Ikon* inggih menika tandha ingkang nggambaraken titikan ingkang mligi utawi utami. Salebeting tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* kapanggihaken *ikon* ingkang gadhah *fungsi* kangge nedhahaken swanten kadosta ‘cit-cit cuit-cuit’ minangka *ikon* swanten peksi. Tuladha ingkang sanes inggih menika ‘krenget gerat-geret’ minangka *ikon* swanten timba, ‘gebyar-gebyur’ minangka *ikon* swanten tiyang ingkang siram. *Ikon* ingkang pungkasan inggih menika ‘gedebug krencing’ minangka *ikon* swanten kewan ingkang mlayu ingkang wonten klinthingipun. Wonten ing tembang ingkang dipun-*analisis*, kewan ingkang dipunkajengaken inggih menika jaran.

b. *Indeks* kalebet tandha ingkang nggadahi gegayutan sabab kadadosan kaliyan menapa ingkang dipunwakilaken utawi tandha ingkang dados *bukti* kasunyatan. Salebeting tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* kapanggihaken *indeks* ingkang gadhah *fungsi* kangge nedahaken geyutan sabab kadadosan. Dipunpanggihaken *unsur semiotik* wonten ing *analisis* inggih menika kula boten purun *indeks* saking sinaosa ayu sisanipun si yuyu kangkang, kang putra taksih dereng kersa *indeks* saking nembe nandang asmara, inggih badhe medhun *indeks* saking sinaosa ala menika ingkang putra suwun, srengengene munculsunar sumamburat *indeks* saking sampun raina, serege kapati binger bagas kuwarasan *indeks* saking siram nalika enjing.

Tuladha ingkang sanes inggih menika gundhul benjut *indeks* saking pelem dhondhong dipunswati, migunani *indeks* saking padamelan ingkang cekat-ceket dipuntandhangi, wakul ngglimpang *indeks*

saking bocah ingkang gembelengan nalika nyunggi wakul ing margi, segane dadi sak latar *indeks* saking wakule ngglimpang, dondomana jlumatana *indeks* saking dodot ingkang kumitir bedhanh ing pinggir.

Cakepan tembang dolanan sorak-sorak *indeks* saking padhang bulan, ana kandhang wae *indeks* saking lakunipun ingkang damel lingsem, gawe guyu *indeks* saking menthog ingkang megal-megol, dolanan ing njawi *indeks* saking padhang bulan. *Fungsi indeks* ing cakepan-cakepan menika dipunginakaken kangge nedahaken sabab kadadosan.

c. *Simbol* utawi *lambang* inggih menika *lambang* ingkang saged mahyakaken makna *simbolis* ingkang nyata. *Simbol* saged dipunmangertosi tegesipun menawi tiyang menika sampun mangertos teges utawi makna *objek* ingkang sampun dipunsarujuki saderengipun saha mangertosi *konteks*-ipun. *Fungsi simbol* salebeting tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara* kangge nedahaken kawontenan saha sesulih. Dipunpanggihaken *unsur semiotik* wonten ing *analisis* inggih menika kang unggah-ungguhi minangka *simbol* saking tiyang ingkang badhe mundhut garwa, ibu *simbol* saking tiyang sepuh estri, boten medhun *simbol* saking boten kersa dipunpundhut garwa, yuyu kangkang *simbol* saking tiyang jaler ingkang nakal, rama *simbol* saking tiyang sepuh kakung.

Tuladha sanes inggih menika cakepan badhe medhun sembol saking kersa dipunpundhut garwa, gundhul *simbol* saking inggil utawi pangarsa, ndhuk *simbol* saking tiyang ingkang dipuntresani, jaranan *simbol* saking dolanan tradhisional Jawi, blimbing

*simbol* saking salat gangsal wekdal, dodot *simbol* saking pagesangan manungsa, menthog *simbol* saking manungsa ingkang kesed, rembulane wis ngawe-awe *simbol* saking bulan ingkang endah ingkang padhang, sumebar lintang *simbol* saking lintang ingkang kathah.

2. Pamaosing *teks* kanthi *heuristik* saha *hermeneutik* salebeting tembang dolanan wonten ing *DVD Kumpulan Lagu Anak Nusantara*.

Maos kanthi cara *heuristik* inggih menika maos adhedhasar adhedhasar *konvensi* basa (Jawa) utawi maos kanthi menapa wontenipun. Pamaosan *hermeneutik* inggih menika pamaosan utawi maos *karya sastra* adhedhasar *konvensi sastra*-nipun. Pamaosan *hermeneutik* menika negesi menapa ingkang dipunkajengaken panganggit kanthi paring teges tembung ingkang *konotatif*.

Anggenipun maos kanthi cara *heuristik* menika dipunwaos menapa wontenipun, menapa teges ingkang nyata ingkang wonten ing *kamus*, boten dipuntegesi teges ingkang sanes kados ta teges kanthi cara *konotatif*-ipun. Menawi *hermeneutik* menika sasampunipun dipunwaos kanthi cara *heuristik*. Maos kanthi cara *hermeneutik* ugi babar babagan penggalih saking panganggit kanthi ningali pamilihing basanipun, ingkang *kiasan* saha wosipun basa ing *karya sastra*. Wosipun *karya sastra* menika saged dipunmangertosi kanthi cara negesi makna cakepan saking *karya sastra*, tuladhanipun *karya sastra* ingkang awujud tembang.

## 2. *Implikasi*

Panaliten menika ngrembag babagan *Analisis Semiotik Cakepan Tembang Dolanan Wonten Ing*

*Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.*

DVD *Kumpulan Lagu Anak Nusantara*. asiling panaliten menika kapanggihaken *unsur semiotik*, pamaosing *heuristik* saha *hermeneutik*, saha *fungsi unsur-unsur semiotik*. Panaliten menika dipunkajengaken saged kangge sinau babagan *analisis semiotik* mliginipun babagan *unsur semiotik*. Panaliten menika ugi saged dipunginakaken kangge *referensi* kangge panaliten sanes ingkang sami ngengingi babagan *semiotik*.

### **3. Pamrayogi**

Adhedhasar asiling *implikasi* panaliten menika, panaliti ngandharaken pamrayogi. Pamrayogi kasebut inggih menika asiling panaliten menika ngandharaken babagan *unsur semiotik* ingkang ngrembag wujud saha *fungsi*, saha pamaosing *teks* kanthi cara maos *heuristik* saha *hermeneutik* saged nambah ngelmi babagan *semiotik*. Panaliten ingkang ngrembag *semiotik* menika taksih saged dipuntliti malih tuladhanipun babagan tembang sanes kados ta geguritan.

*Analisis Semiotik Cakupan ... (Miftakhul Rhohmah) 12*

### **KAPUSTAKAN**

- Danesi, Marcel. 2004. *Pesan, Tanda, Makna Teks Dasar Mengenai Semiotika dan Teori Komunikasi*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- Muhadjir, Noeng. 1996. *Metode Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: Rake Sarasin
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2003. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Reyanto, Noor. 2005. *Pengantar Pengkajian Sastra*. Semarang: Fasindo (Jurusan Sastra Indonesia Fakultas Sastra UNDIP).
- Siswanto. 2010. *Metode Penelitian Sastra Analisis Struktur Puisi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudjiman, P & Zoest, A. V. 1991. *Serba-Serbi Semiotika*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Tinarbuko, Sumbo. 2009. *Semiotika Komunikasi Visual*. Yogyakarta: Jalasutra.